



Pou Piblikasyon Imedya: 02/01/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO PREZANTE 20^{YÈM} PWOPOZISYON DISKOU ETA LETA 2018
LAN: AJANDA DJÒB ENÈJI PWÒP AK AJANDA KLIMA NEW YORK LA**

***Agrandi Inisyativ Gaz a Efè Sèr Onivo Rejyonal la epi Redwi Degajman Gaz yo
nan yon Fason Ekitab soti nan Santral Elektrik ki pi Gran Polyon ki nan
Kote ki Gen Plis Demann yo***

***Pibliye Demann yo an 2018 ak 2019 pou Devlope Omwen 800 MW Pwojè Enèji
Ewolyèn Olaj Zòn Kòt yo epi Ankouraje Endistri ak Mendèv Enèji Ewolyèn
Olaj Zòn Kòt la nan Eta New York la***

***Fè Investisman 200 Milyon dola pou Atenn Sib 1,500 Megawat Estokaj Enèji San
Presandan avan 2025 lan pou yo ka Ogmante Transmisyon Enèji Pwòp ak Enèji
Renouvlab***

***Kreye Enèji Solè Gratis (Zero Cost Solar) pou tout Pwogram lan pou 10,000
Nouyòkè ki Gen Revni Fèb***

***Rekonvoke Komite Konsiltatif Syantifik sou Chanjman Klimatik Gouvènman
Federal la te Demantle a***

Gouvènè a Bay Lòd pou Tabli Sib Efikasite Enèji Avan Jounen Latè a

Yo pral Adopte Règleman pou Fèmen Tout Santral ki Itilize Chabon yo

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te prezante 20èm pwopozisyon Diskou Eta Leta 2018 lan: yon ajanda global pou konbat chanjman klimatik atravè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo ak devlopman ekonomi enèji pwòp la. Atravè ranfòsman Inisyativ Gaz a Efè Sèr Onivo Rejyonal la ak akèy nouvo eta manm yo, New York pral kontinye fè pwogrè sou plan rediksyon degajman k ap soti nan santral elektrik ki itilize konbistib fosil ki la kounye a yo. Anplis de sa a, anganjman san presedan yo anonse jodi a pral fè vanse teknoloji enèji pwòp yo, ki gen ladan enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo, enèji solè, efikasite ak estokaj enèji, sa ki pral estimile devlopman mache a epi kreye djòb toupatou atravè eta a.

“Nouyòkè yo konnen trè byen devastasyon chanjman klimatik yo ap koze, epi pou nou ka ralanti efè move tan ekstrèm yo epi konstwi kominote nou yo pou yo ka pi solid ak pi

rezistan, nou dwe fè investisman ki pi konsiderab nan enèji renouvlab yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk pwopozisyon sa a, New York ap pran mezi kouraje pou lite kont chanjman klimatik yo epi pwoteje anviwonman nou an, pandan n ap sipòte ak devlope djòb 21èm syèk ki nan endistri enèji renouvlab depwent sa yo.”

Ajanda Djòb Enèji Pwòp ak Ajanda Klima 2018 la pral ajoute sou pwogrè ki te fèt nan kad politik Refòm Vizyon Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) Gouvènè a jiskaprezan, ki gen ladan obligasyon Estanda Enèji Pwòp (Clean Energy Standard) lidè nan peyi a pou jenere 50 pousan bezwen elektrisite eta a pou soti nan sous enèji renouvlab avan 2030, ansanm ak aktivite anbisyè pou pwoteksyon klima nan kad Fon Pwoteksyon Enviwonmantal la (Environmental Protection Fund).

Ajanda Djòb Enèji Pwòp ak Ajanda Klima 2018 Gouvènè Cuomo a gen ladan aspè sa yo:

Agrandi Inisyativ Gaz a Efè Sèr Onivo Rejyonal la (Regional Greenhouse Gas Initiative, RGGI) epi Redwi Degajman yo nan Fason Ekitab soti nan Santral Elektrik ki pi Gran Polyan, “ki nan Kote ki Gen Plis Demann yo”

An 2013, Gouvènè Cuomo te dirije nèf eta RGGI yo nan kad rediksyon limit degajman gaz a efè sèr k ap soti nan santral elektrik yo 50 pousan avan 2020. Depi lè sa a, RGGI kontinye depase atant yo epi li te bay plis pase 2 milya dola nan avantaj ekonomik rejyonal, ak 5.7 milya dola nan avantaj sante piblik pandan y ap redwi degajman gaz yo plis pase kantite limit rediksyon an egzije a. An Out 2017 la, lòt eta RGGI yo te dakò ak apèl Gouvènè Cuomo te fè nan Diskou Eta Leta 2017 li a pou yo redwi limit lan 30 pousan deplis avan 2030. Pou fè efò sa yo vanse, Gouvènè Cuomo pral travay ak eta RGGI yo ak nouvo patnè potansyèl tankou Virginia ak New Jersey, pou asire yon tranzisyon san pwoblèm a yon mache gaz a efè sèr ki koute mwen chè k ap kenbe rediksyon polisyon klima anbisyè inisyativ la genyen an yo.

Aktyèlman, RGGI sèlman kouvri santral elektrik ki gen yon kapasite 25 megawat oswa plis, sa ki kite anpil lòt santral ki pi piti men ki se inite trè polyan ki nan kote ki gen anpil demann yo, k ap fonksyone yon lè konsa nan peryòd ki gen plis demann elektrisite yo. Inite polyan sa yo souvan sitiye tou prè sant popilasyon ki vin an liy pou satisfè demann elektrisite ki genyen nan jou ki vrèman fè cho oswa ki vrèman fè frèt yo, epi yo gen plis enpak sou kominote ki gen revni fèb ak kominote minoritè ki deja ap fè fas ak yon bann lòt fado anviwonmantal yo nan yon fason demezire.

Gouvènè Cuomo pral bay Depatman Konsèvasyon Anviwonmantal la (Department of Environmental Conservation, DEC) lòd pou li:

- Antreprann yon elaborasyon règlemantè an 2018 la pou yo reyalize limit rediksyon 30 pousan dyoksid kabòn lan pou evite prèske 133 milyon tòn polisyon kabòn adisyonèl toupatou nan rejyon an k ap soti nan sektè santral elektrik eta RGGI yo te anonse an Out 2017 la, ki gen ladan revizyon pou ranfòse RGGI lè yo gwoupe ansanm epi nan konsa kouvri inite ki alimante kote ki gen plis demann yo k ap depase kapasite limit 25 megawat RGGI la lè yo mete yo ansanm; epi

- Travay ak Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) pou angaje Gwoup Travay pou Jistis Anviwonmantal ak Jis Tranzisyon (Environmental Justice & Just Transition Working Group) Gouvènè a te konvoke an 2017 la, pou asire kominote Jistis Anviwonmantal yo benefisye de resèt investisman vant ozanchè RGGI yo nan yon fason ekitab.

Anplis, pou nou imedyatman redwi degajman gaz k ap soti nan santral elektrik ki pi polyan nan New York yo, Gouvènè Cuomo bay DEC lòd pou li:

- Pwopoze refòm konplemantè pou redwi degajman gaz k ap fòme bwouya polisyon k ap soti nan inite ki sitiye nan kote ki gen plis demann yo; epi
- Adopte règleman k ap mete fen nan itilizasyon chabon nan santral elektrik eta a yo avan 2020. Sa se yon bagay Gouvènè a te mande pou nou fè nan diskou Eta Leta 2016 li a. Anmenm tan an, Gouvènè Cuomo te kreye Fon Asenisman Etablisman k ap Jenere Elektrik yo Fèmèn yo (Electric Generation Facility Cessation Mitigation Fund) pou reponn a bezwen kominote lokal fèmèti sa yo te afekte yo.

Pwopozisyon Demann pou Enèji Ewolyèn Olaj Zòn Kòt yo

Nan Diskou Eta Leta 2017 la, Gouvènè Cuomo te pran mezi anbisye pou tabli yon sib jiska 2.4 jigawat enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo avan 2030, ki se pi gran angajman anvè enèji ewolyèn olaj zòn kòt nan istwa Etazini. Pou mete New York nan pozisyon kòm lidè nan mache enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo nan Etazini epi pou ankouraje konpetisyon, redwi pri yo, epi kreye nouvo djòb ki byen peye, ane sa a Gouvènè Cuomo ap mande pou fè acha omwen 800 megawat enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo ant de demann ki gen pou fèt an 2018 ak 2019, k ap lakoz gen ase enèji pwòp, renouvlab pou alimante 400,000 kay nan New York. Demann sa yo pral premye nan yon pwogramasyon yo tabli pou atenn sib 2030 lan, yo pral kreye konpetisyon pami devlopè yo pou yo ka konstwi pi gran pwojè enèji ewolyèn olaj zòn kòt nan Etazini an, epi li pral asire djòb yo kreye ak devlopman ekonomik yo ki soti apati enèji sa yo akimile toupatou atravè eta a.

Anplis de sa a, Gouvènè Cuomo ap bay NYSERDA lòd pou yo investi 15 milyon dola nan devlopman mendèv enèji pwòp ak avansman enfrastrikti pou fòme travayè yo pou djòb ki byen peye nan endistri sa a, ki gen ladan konstriksyon enstalasyon, fonksyonman, antretyen, konsepsyon, ak enfrastrikti asosye a enèji ewolyèn olaj zòn kòt la yo. Pou atire investisman prive nan enfrastrikti pò ak aktivite apwovizyonman an yo, Gouvènè Cuomo bay NYSERDA lòd ankò pou yo travay ak Empire State Development ak lòt ajans eta yo pou yo detèmine investisman piblik ak prive k ap fèt nan enfrastrikti pò pou enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo. Nouvo mezi sa yo pral estimile devlopman pwojè a, ankouraje kwasans jòb ak investisman nan endistri yo, epi sekirize estati New York kòm lakay endiskitab endistri enèji ewolyèn olaj zòn kòt yo nan Etazini.

Ogmante Transmisyon Enèji Pwòp ak Enèji Renouvlab Atravè Investisman 200 Milyon Dola pou Atenn Sib 1,500 Megawat Estokaj Enèji San Presandan avan 2025 lan

New York fè fas a anpil defi ki gen rapò ak enèji, ki gen ladan modènizasyon enfrastrikti

enèji ansyen li an, yo estime k ap koute 30 milya dola pandan 10 zan k ap vini la yo. Anplis, pandan sous enèji renouvlab yo ap pwodwi yon pi gran pati nan kantite elektrisite New York itilize a, New York dwe rezoud pwoblèm entèmitans nan resous enèji pwòp tankou enèji van ak solè a. San metòd pou estoke enèji epi deplwaye l kote ki gen bezwen yo, New York pral konfwonte anpil pwoblèm pou entegre ak maksimize benefis resous pwòp sa yo genyen yo.

Pou reponn a defi sa yo, kreye djòb nan rechèch ak devlopman, epi plis fè vanse lidèchip enèji pwòp ak klima New York la, Gouvènè Cuomo ap lanse yon inisyativ pou deplwaye 1,500 megawat estokaj enèji avan 2025 epi anboche 30,000 Nouyòkè pou tabli New York kòm lakay endistri teknoloji pwòp k ap agrandi rapid sa a. Atent objektif sa a pral pwodwi yon kantite enèji k ap vo 2 milya dola pou Nouyòkè yo atravè rediksyon depandans sou enfrastrikti enèji ki koute chè yo, enèji sal ak inefikas, pandan y ap ede entansifye endistri enèji pwòp la tou. Angajman 1,500 megawat New York pran reprezante pi gran angajman pa kapita konsa pami tout eta a yo.

Pou ajoute sou lejislasyon Deplwaman Estokaj Enèji ki te siyen resaman, Gouvènè Cuomo ap bay ajans ak otorite enèji eta yo lòd pou yo travay ansanm pandan ane 2018 la pou yo jenere yon kondwit pwojè estokaj atravè acha itilite, chanjman reglemantè avanse nan to itilite yo ak mache enèji an gwo yo, enkòpore estokaj nan kritè pou achte enèji renouvlab a grand echèl yo, epi redwi baryè reglemantè yo.

Envesti 200 Milyon Dola k ap soti nan NY Green Bank lan pou Sipòte Estokaj Enèji

Gouvènè a ap pwopoze yon angajman omwen 200 milyon dola k ap soti nan NY Green Bank lan pou fè investisman ki gen rapò ak estokaj pou ede redwi pri yo epi deplwaye estokaj enèji nan yon fason estratejik kote rezo a bezwen l plis yo. Finalman, Gouvènè a ap bay NYSERDA lòd pou yo envesti omwen 60 milyon dola atravè pilòt ak aktivite estokaj pou redwi baryè k ap anpeche deplwaman estokaj enèji yo, ki gen ladan pèmi, akizasyon kliyan yo, entèkoneksyon, ak frè finansman yo. Anplis de acha itilite ak chanjman reglemantè yo, investisman sa yo pral enpòtan anpil pou estimile mache a epi sipòte pwojè devlopman solid, ki pa koute chè sou wout pou atenn objektif 1,500 megawat la.

Kreye Enèji Solè Gratis pou tout Pwogram lan pou 10,000 Nouyòkè ki Gen Revni Fèb

Rediksyon fado enèji pou fanmi ki gen revni fèb yo epi asire yo patisipe nan ekonomi enèji pwòp la se objektif santral nan kad politik enèji Gouvènè Cuomo yo. Estrateji REV Gouvènè a gen objektif pou asire avantaj ekonomik, anviwonmatal ak sante enèji pwòp la yo rete aksesib pou Nouyòkè ki gen plis bezwen yo. An 2016, Gouvènè Cuomo te prezante Politik Abòdabilite Enèji a (Energy Affordability Policy) pou limite pri enèji yo epi bay soulajman dirèk nan pri yo pou Nouyòkè ki gen revni fèb yo, epi li te agrandi pwogram lan nan ane swivan pou l ogmante avantaj total pwogram lan rive 260 milyon dola.

Kominote solè a se yon inisyativ REV ki pèmèt konsomatè yo pataje avantaj enèji solè menm si yo ap viv nan yon apatman oswa lòt bilding ki pa ka sipòte yon sistèm enèji

solèy sou tèt kay yo. Inisyativ sa a se youn nan meyè opsyon pou konsomatè ki gen revni fèb yo ka gen aksè a enèji solè epi redwi pri enèji a pou yo, men piske kominote solè a relativman nouvo epi yo poko adopte l tout kote, konsomatè ki gen revni fèb yo poko reyalize potansyèl konplè pwogram lan. Pou ede Nouyòkè ki gen revni fèb yo benefisye de avantaj enèji solè yo, Gouvènè a anonse ke NYSERDA pral:

- Itilize pouvwa dacha li genyen an pou l sekirize abònman nan kominote solè a pou konsomatè ki gen revni fèb yo epi bay yo san frè pou plis pase 10,000 Nouyòkè ki gen revni fèb yo ka fè ekonomi nan depans ak enèji pwòp, epi kontribiye pou ede atenn Estanda Enèji Pwòp Gouvènè a; epi
- Travay ak pwogram efikasite enèji pou moun ki gen revni fèb yo, itilite yo, ajans kominotè yo, devlopè pwojè solè yo, investisè ak lòt pati konsène yo pou komèsyalize pwogram lan pou konsomatè ki gen revni fèb yo epi devlope estrateji pou kijan pwogram lan ka mye sèvi Nouyòkè ki gen revni fèb yo epi ede yo patisipe nan devlopman ekonomi enèji pwòp la.

Rekonvoke Komite Konsiltatif Syantifik sou Chanjman Klimatik la

An Jen 2017, Gouvènè Cuomo te fòme Alyans Klima Etazini an (U.S. Climate Alliance) avèk Gouvènè California ak Gouvènè Eta Washington lan pou asire Eta New York la ak lòt patnè ki vle yo kontinye atenn oswa depase sib Akò Pari a genyen sou chanjman klimatik la yo. Aprè gouvènman federal la te anonse y ap kite Akò Pari a, yo te pran yon lòt mezi malavize ankò lè yo te kraze Komite Konsiltatif Federal pou Mentni Evalyasyon Klima Onivo Nasyonal la (Federal Advisory Committee for the Sustained National Climate Assessment), ki se yon gwoup syantifik lidè ak pati konsène ki gen misyon pou yo bay gouvènman federal la rekòmandasyon sou enfòmasyon syantifik pou sipòte gouvènman eta ak lokal yo, kominote yo, ak sektè prive a nan kad planifikasyon pou efè chanjman klimatik yo. An absans gid Komite Konsiltatif la, responsab yo pral gen kapasite limite pou yo konnen kijan chanjman klimatik yo pral afekte òganizasyon yo a ak kominote yo, epi kisa yo ka fè pou yo pi byen planifye pou konbat enpak sa yo.

Se poutèt sa, Gouvènè Cuomo, antanke Koprezidan Alyans Klima Etazini an epi an kolaborasyon ak patnè yo, pral rekonvoke Komite Konsiltatif la pou yo devlope rekòmandasyon pou navige defi chanjman klimatik yo. Kòm konsekans, Komite Konsiltatif la pral kontinye travay enpòtan li t ap fè a san entèferans politik epi l ap bay gid yo bezwen pou adape a yon klima k ap chanje.

Tabli Nouvo Sib Efikasite Enèji Avan Jounen Latè a

Pou konbat chanjman klimatik yo, Nouyòkè yo dwe ogmante itilizasyon enèji pwòp, renouvlab yo, men tou nou dwe redwi konsomasyon enèji nou an jeneral. Efikasite enèji se yon fason ki vrèman efikas pou redwi fakti enèji pou Nouyòkè yo epi pou atenn objektif enèji pwòp ak anviwonmatal lidè nan nasyon an Eta New York genyen an yo. Avèk plis pase 110,000 Nouyòkè yo anboche nan djòb ki gen rapò ak efikasite enèji yo, endistri a deja se yon eleman majè nan ekonomi enèji pwòp New York la.

Nan lespri pou ajoute sou pwogrè yo te deja fè atravè pwogram itilite ak travay depwent yo te fè pou redwi itilizasyon enèji nan etablisman eta yo, Gouvènè Cuomo te lanse Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) 5 milya dola a an 2016 pou sipòte investisman nan

teknoloji ki itilize enèji nan fason efikas yo. Inisyativ sa a deja ap demontre pwogrè konsiderab atravè Eta New York la, soti nan fèm ak sèr nan Rejyon Nò yo rive nan bilding komèsyal nan Manhattan yo. Yo prevwa aktivite sa yo pral fè Nouyòkè yo ekonomize yon 39 milya dola remakab nan depans enèji pandan 10 zan k ap vini la yo pandan y ap redewi degajman gaz a efè sèr yo nan yon fason konsiderab.

Toutfwa, gen plis travay ki rete pou fèt pou reyalize potansyèl konplè efikasite enèji a pou Nouyòkè yo. Pwopriyetè kay ak lokatè yo souvan pa investi nan modènizasyon global ki ka ekonomize enèji akòz de depans inisyativ elve yo oswa mank enfòmasyon sou opsyon finansman ak teknoloji ki ka fè yo ekonomize lajan alontèm. Epi byenke gen inovasyon ak kwasans konsiderab ki gentan atenn nan endistri enèji renouvlab la nan New York, efikasite enèji pa swiv menm trajektwa anvè plis ekonomi enèji ak rediksyon gaz a efè sèr yo tankou enèji solè ak van. Krewe yon New York ki itilize enèji nan fason ki pi efikas pral mande pou nou fè efò global pou nou atire plis investisman ak inovasyon nan efikasite enèji.

Pou reponn a sa, Gouvènè Cuomo ap bay Depatman Sèvis Piblik New York la (New York Department of Public Service) ak NYSERDA lòd pou yo:

- Angaje pati konsène ki nan sektè piblik ak sektè prive a yo, epi pwopoze yon inisyativ efikasite enèji global ki vize wo avan Jounen Latè a, k ap 22 Avril 2018;
- Pwopoze yon nouvo sib efikasite enèji pou 2025 y ap ka atenn atravè reyalizasyon estrateji ki pa koute chè ak apwòch inovatè k ap soti alafwa nan itilite yo ak nan Fon Enèji Pwòp la, ki pral akselere pwogrè anvè objektif klimatik ak enèji pwòp anbisye eta genyen yo; epi
- Idantifye opòtinite kote etablisman eta yo ka sèvi kòm egzanp.

Anplis de sa a, NYSERDA pral pwopoze pou tabli estanda efikasite pou aparèy elektwomènaje yo, avèk sipò k ap soti nan Fon Enèji Pwòp la pou yo reyalize sa. Estrateji sa a te pwouve yo ka atenn ekonomi enèji konsiderab epi se yon fonksyon gouvènman federal la te renonse resaman. Antanke Koprezidan Alyans Klima Etazini an, Eta New York la pral travay ak patnè li yo ki nan lòt eta yo pou ede mete efikasite aparèy elektwomènaje alechèl onivo eta. Pandan l ap travay atravè Alyans Klima Etazini an epi ak lòt patnè yo, Eta New York la pral asire fabrikasyon yo dwe satisfè estanda efikasite nan aparèy elektwomènaje yo toupatou atravè Etazini.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418